



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE NÒM POU DLO POTAB KI SE PREMYE NAN NASYON AN POU NOUVO KONTAMINAN 1,4-DYOKSÀN LAN**

***New York adopte nòm pou 1,4-dyoksàn nan yon nivo kontaminan maksimòm 1 pati pa milya***

***Eta te atenn tou pami nòm ki pi ba ke yo etabli pou PFOA ak PFOS nan yon nivo kontaminan maksimòm 10 pati pa trilyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York te adopte yon nòm pou dlo potab ki se premye nan nasyon an pou nouvo kontaminan 1,4-Dyoksàn lan, sa ki fikse nivo kontaminan maksimòm lan nan 1 pati pa milya (part per billion, ppb) pou 1,4-Dyoksàn. Gouvènè a te anonse tou nivo kontaminan maksimòm pou nouvo kontaminan asid pèfliyowoktanik/pèfliyowoktanat (perfluorooctanoic acid/perfluorooctanoate, PFOA) ak asid silfonik pèfliyowoktàn yo/silfonat pèfliyowoktàn (perfluorooctane sulfonic acid/perfluorooctane sulfonate, PFOS) nan dlo potab New York, ki pami pi ba nan Etazini pou PFOA ak PFOS nan 10 pati pa trilyon (parts per trillion, ppt). Anons sa yo swiv yon peryòd komantè piblik ak apwobasyon nan men Sante Piblik ak Konsèy Planifikasyon Sante (Public Health and Health Planning Council, PHHPC) a.

"Pandan gouvènman federal la kontinye ap kite nouvo kontaminan tankou 1,4-Dyoksàn, PFOA ak PFOS san regilasyon, New York ap montre chemen an nan etabli nouvo nòm nasyonal ki ede asire kalite pwoteksyon dlo potab sante Nouyòkè yo kont pwodwi chimik sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mouvman anviwònmantal la te fonde nan gran Eta sa a epi nou pral kontinye avanse pou pwoteje resous ki presye nou yo pou jenerasyon ki ap vini yo."

Nouvo règleman yo egzije sistèm dlo piblik yo nan Eta a pou teste regilyèman ak siveye pwodwi chimik sa yo, kèlkeswa gwosè yo. Yo te detekte tout twa kontaminan yo nan sistèm dlo yo nan tout peyi a, sepandan yo rete san regilasyon nan men Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an, ki responsab pou etabli limte regilatwa anba Lwa sou Dlo Potab San Danje (Safe Drinking Water Act) federal la.

Nan plas aksyon federal epi nan kad angajman Eta a pou asire dlo potab pwòp pou tout Nouyòkè, yo te etabli Konsèy sou Kalite Dlo Potab (Drinking Water Quality Council) la

nan kad Bidjè Egzekitif 2017-2018 la pou bay rekòmandasyon ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou adrese nouvo kontaminan nan dlo potab ki se rezilta polisyon endistriyèl depi plizyè deseni nan kominote nan tout Eta a. Revizyon syantifik Konsèy la sou PFOA, PFOS, ak 1,4-Dyoksàn te fè pati premye direktiv li a pou etabli nòm pou nouvo kontaminan sa yo ke moun lakòz, ki pèsistan nan anviwònman an epi ke yo te detekte nan sistèm dlo potab yo nan tout nasyon an. Manm Konsèy yo, ki konpoze ak syantifik akademik yo, enjenyè yo, pwofesyonèl sistèm dlo piblik yo, ak ekspè ki soti nan Depatman Sante ak Konsèvasyon Anviwònmantal (Environmental Conservation) Eta New York, te swiv lasyans ki disponib konsènan enpak potansyèl sou sante ak teknoloji ki disponib pou retire pwodwi chimik sa yo lè yo ap rekòmande nòm yo pou adopsyon.

Dapre pwosesis pou fè lwa nan New York, règleman ki amande yo te pibliye an janvye nan Rejis Eta New York (New York State Register) la pou yon peryòd kòmantè piblik ki dire 45 jou. Pwopozisyon an te rekeyi plis pase 2,000 komantè pou konsiderasyon. An repons ak kòmantè yo te resevwa yo, DOH la te enkòpore modifikasyon yo nan règleman yo pwopoze a ki tap etabli yon pwosesis repò pou sistèm dlo piblik yo ki te teste yon fason pwoaktif pou vini an konfòmite avèk nivo kontaminan maksimòm (maximum contaminant levels, MCLs) yo, san yo pa ba yo yon avi pou vyolasyon. Apre apwobasyon PHHPC a jodi a, epi yon fwa ke Komisè Sante a apwouve li, règleman final yo pral pibliye nan Rejis Eta a. Yon fwa yo pibliye, yo pral egzije sistèm ki desèvi 10,000 moun oswa plis pou yo kòmanse teste nan 60 jou, nan 90 jou pou sistèm ki ap desèvi ant 3,300 rive 9,999 moun, epi nan sis mwa pou sistèm ki desèvi mwens pase 3,300 moun.

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare,** "Angajman san fay Eta New York pou adrese nouvo kontaminan nan dlo potab yo se yon pilè nan pwoteksyon sante piblik kounye a ak nan lavni. Nouvo nòm sa yo se kèk nan sa ki pi ba ki etabli presedan nan nasyon an epi yo te konsidere yo avèk swen pandan plizyè mwa rivizyon syantifik avèk kontribisyon aktè yo pou asire egzekisyon ki gen siksè".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation) Eta New York la, Basil Seggos te deklare,** "Jodi a, nan absans kontini lidèchip federal la pou sovgade kominote yo kont ekspozisyon ak nouvo kontaminan yo, New York ap adopte nòm dlo potab ki kapab pwoteje pou PFOA, PFOS, ak 1,4-Dyoksàn. Mwen aplodi kòlèg mwen yo nan Konsèy sou Kalite Dlo Potab Eta a pou lidèchip nesèsè enpòtan yo a sou kesyon sa a epi nou pa ka tann pou nou travay avèk patenè ou yo nan Depatman Sante a nan efò kontini nou yo pou asire tout Nouyòkè yo genyen aksè ak dlo pwòp".

**Prezidan Pwovizwa ak Ofisye Egzekitif an Chèf Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York ak Avoka jeneral, Maureen Coleman, te deklare,** "Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) kontan pou fè patenarya avèk DOH la pou bay sibvansyon Eta a pou finanse 60% nan depans total pwojè enpòtan sa yo. Nan ofri finansman ak enterè ki ba pou depans

pwojè ki rete yo, nou ap fè pwojè sa yo abòdab pou kominote yo ak sipòte objektif Gouvènè Cuomo pou ke tout rezidan Eta New York genyen aksè ak dlo potab pwòp".

### **Yo Aksepte MCL ki Plis Pwotektif nan Peyi a pou PFOA/PFOS**

Nan 10 ppt pou PFOA ak 10 ppt pou PFOS, MCL yo pami nivo ki bay plis pwoteksyon nan nasyon an. PFOA a se yon pwodwi ke yo te itilize oparavan pou fè pwodwi ki pa kolan, ki reziste ak tach, epi ki enpèmeyab. Yo te itilize PFOS nan pelikil akez ki fòm mous anti-ensandi. Eta New York envesti plizyè milyon nan Pwogram Superfund Eta a pou enstale sistèm tretman kabòn ki aktive ak grenn ki retire ak siksè PFOA ak PFOS nan rezèv dlo ki afekte nan plizyè kominote. Finalman, Eta a ap rann polyè yo responsab pou depans netwayaj yo ki fèt nan nivo Eta a ak lokal yo.

### **Premye MCK nan nasyon an pou 1,4-Dyoksàn ki adopte**

New York se premye Eta nan nasyon an ki adopte yon MCL pou 1,4-Dyoksàn epi li te etabli nòm sa a ak 1.0 ppb. 1,4-Dyoksàn se yon pwodwi chimik yo itilize antanke yon estabilizatè nan sòlvan, pwodwi pou retire penti, grès ak lasi. Eta a te apwouve yon nouvo teknoloji tretman efikas pou 1,4-Dyoksàn yo rele Pwosesis Oksidatif Avanse (Advanced Oxidative Process, AOP), ke yo te apwouve dabò nan Otorite Dlo Konte Suffolk (Suffolk County Water Authority) la nan Long Island an 2018.

Nivo ke Eta a rekòmande pou PFOA ak PFOS yo siyifikativman pi ba pase nivo direktiv aktyèl 70 pati pa trilyon EPA a. Nenpòt enkyetid potansyèl efè sou sante pou kontaminan sa yo sitou rive apre yon ekspozisyon a 70 ppt pandan tout yon vi, pa ekspozisyon pandan yon peryòd kout. Pandan ke EPA a pa gen konsèy sou 1,4-Dyoksàn, nan aksepte rekòmandasyon Konsèy Kalite Dlo Potab la, DOH itilize pi bon syans ki disponib la pou detèmine yon nivo pwoteksyon similè ki se 1 pati pa milya. Etabli nivo MCL pou pwoteksyon sa yo ak egzije chak sistèm dlo piblik pou teste ak siveye regilyèman, kèlkeswa gwosè yo, pral asire ke nivo kontaminan yo pa janm monte nan pwèn ki ap lakòz yon risk pou sante piblik.

Ajans Eta New York te pran mezi san presedan pou ankete ak netwaye kontaminasyon sibstans pèfliyowoalkil (PFAS) yo epi pou asire Nouyòkè yo genyen aksè ak dlo potab. Pou sipòte efò sa a, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la travay avèk patenè yo nan Depatman Sante Eta ak anpil antite, gen ladan depatman sante lokal yo, founisè ak otorite dlo potab yo, ak gouvènman federal, Eta, konte ak minisipal yo pou asire dlo souterèn ak resous dlo sifas yo pwoteje ak pwòp. Eta New York te dedye resous siyifikatif pou evalye nouvo kontaminan yo tankou PFAS ak 1,4-Dyoksàn nan tout Eta a.

### **Aksyon Alavni pou Pwoteje Kominote New York yo**

Eta New York pral kontinye fè avanse pwogram yo ak politik ki gide yo dapre pi bon lasyans ki disponib pandan nou ap rann polyè yo responsab pou mal ke nouvo kontaminan yo lakòz nan kominote ak anviwònman an. Atravè efò koperatif pami ajans Eta a yo, New York pral kontinye reyalize siveyans nan Superfund, brownfield, potansyèl pwèn cho mous anti-ensandi, ak sit depotwa yo pou detèmine si wi oswa non enpak PFAS yo detektab. Eta a pral bati sou travay li a jiska prezan pou adrese nouvo kontaminan yo atravè yon seri aksyon legal ak regilatwa ansanm avèk repons rapid sou

teren an pou sit yo kote yo detekte kontaminasyon. Anplis, Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pral sipèvize evalyasyon kontaminan nouvo ak san regilasyon pou pwoteje sante piblik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)